

Sekirite lakay ak nan kominote a

Nou konnen kontinye gen vyolans epi sa gendwa menm ogmante pandan pandemi sa a. Fen sèvis gratis ak konfidansyèl ki disponib.

Passageway se yon pwogram gratis, konfidansyèl ak san presyon yo ofri nan Brigham Health bay nenpòt moun ki gen pwoblèm kontwol, abi oswa sekirite nan men yon menaj/konjwen oubyen yon moun nan fanmi l. Defansè ki gen eksperyans disponib pou ofri konsèy, sipò, defann dosye, enfòmasyon ak planifikasyon sekirite ann Anglè ak ann Espanyòl. Pou kontakte yon defansè, tanpri rele nan **617-732-8753** epi kite yon mesaj. Yon defansè pral rele w bak nan 24èdtan.

Ou gendwa al gade nan wèbsayt nou an tou ki nan

<https://www.brighamandwomens.org/about-bwh/community-health-equity/passageway-domestic-abuse-intervention-and-prevention>

Si ou bezwen pale ak yon moun touswit, nimewo sila yo disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7:

SafeLink (Massachusetts Domestic ak Nimewo Gratis pou Denonse Vyolans nan Kay) 1-877-785-2020 TTY 1-877-521-2601

Nimewo Gratis Nasyonal pou Denonse Vyolans nan Kay (National Domestic Violence Hotline) 1-800-799-SAFE (7233)

Nimewo Graits Nasyonal pou Denonse Agresyon Seksyèl (National Sexual Assault Hotline RAINN) 1-800-656-4673

Ekip Twomatis nan Katye Boston (Boston Neighborhood Trauma Team)

Ekip Twomatis nan Katye Boston (Boston Neighborhood Trauma Team, NTT) la ofri sèvis ki annapre yo bay moun, fanmi ak kominote vyolans kominotè enpakte:

- **Aksè nan nimewo sipò gratis 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou nan yon ane (617-431-0125)**
- Sèvis sipò imedyat pou nenpòt moun vyolans kominotè enpakte
- Referans nan sèvis sante konpòtman pou moun apa ak pou fanmi

Sipò disponib pou TOUT rezidan ki santi vyolans kominotè enpakte yo negativman. Ou kapab jwenn aksènan sèvis sa yo; pou fè sa, rele nan nimewo gratis la pou jwenn sipò imedyat oubyen rele yon Ekip Twomatis nan Katye. Tout sèvis yo gratis ak sekrè.